

## Men dis kòmandman yo

1. Ou pa dwe pran okenn lòt moun oubyen yon lòt bagay pou Bondye ke Bondye papa nan syèl la. 2. Ou pa dwe Fè okenn zidòl 3. Ou pa dwen sèvi an non Bondye a an ven. 4. Sonje jou Sabba-a 5. Onore manman-w ak papa – w 6. Pinga ou komèt ankenn krim 7. Ou pa dwe komet adilte 8. Pinga ou vòlè osinon pran sa ki pa pou ou. 90. pa bay manti. 10. pinga ou anvizaje sa ki pa pou ou. Yon jou ou gen pou parèt devan Bondye nan gran jou jijman-an. Li konsidere lanvi sexyèl ou yo kom adiltè, « nenpòt moun ki gade yon fanm ak lanvi pou kouche li déjà komèt adiltè avèk li nan kè li. (Matye 5 v 28) li konsidere rayiman kòm yon asasinat, nenpòt moun ki rayi frè li oubyen se li se yon asasen li ye nan kè li. (1 jan 3 v 15) eske ou pwale nan syèl. Men yon ti tès rapid. Eske ou poko janm bay manti, vòlè anyen, itilize non Bondye an ven oubyen gadèn yon moun ak yon lanvi sexyèl? Jak 2 v 10 di konsa: “ ka sila-a ki obyei tout lalwa yo e ki menm fè yon eksepsyon tankou youn moun ki dezobeyi tout kòmandman Bondye yo.” Eske w ap soti koupab jou jijman an. Si-w te fe tout Bagay sa a yo Bondye wè ou tankou yon moun kap vòlè, yonn kap blasfeme, adiltè nan kè li. Bib la fè nou konnen ke si ou koupab wap al nan lanfè. Bondye te voye pitit gason li an pou-l te soufri epi mouri sou kwa-a. Jezi te pran tout pinisyon sou tet li, Paske Bondye tèlmam renmen lemond ke li te Bay sèl pitit gason li an, pou nenpot moun ki kwè nan li pa peri men la gen lavi etènèl. (Jan 3 v 16). Alò Jezi te levi soti vivan nan lanmò epi li te konbat fos lanmò. Repanti(ki vle di vire do bay peche w yo) jodia epi kwe nan jezi, epi Bondye va pèmèt ou gen lavi ki pap janm fini an. Li Bib la epi obeyi sa li mande w fè yo.

## Plan Bondye sou sa konsène sali-a.

Kesyon ken pi enpòtan pou vi-w la sè ke, èske-w pwal nan syèl lè ou mouri ? Bondye di pou ka al nan syèl, ou dwe fèt ankò. (Jan 3 v 7). Nan Bib la Bondye ban ou kòman nou kapab fèt ankò-a. Premyèman, ou bezwen rekonèt ke ou se yon pechè. « paske tout moun peche epi yo pa rive mache jan Bondye vle a. (Romen3 v 23) Dèske ou se pechè, ou kondane pou mouri. « Paske konsekans peche se lanmò. (Romen 6 v 23) sa tou vini ak yon separasyon etènèl ak Bondye, al nan lanfè. Aprè jijman an tout moun te destine pou yo mouri. (Ebre 9 v 27) Men Bondye telman renmen-w ke li te voye sèl pitit gason I an, Jezi, pou-l te Pran fado peche ak lanmò-a nan plas nou. Men pou Bondye te montre kòman li renmen nou li voye Kris la vin mouri pou nou pandan ke nou toujou pechè-a wi. (Romen 5 v 8) menm lè nou pa ka konprann koman, Bondye di ke tout peche nou yo te tonbe sou Jezi epi li te mouri nan plas nou. « Bondye pase tout moun lòd tou kote pou yo vire do bay peche yo a epi vin jwenn li. (Travay 17 v 30) Repanti vle di vire do bay peche nou yo epi dakò ak Bondye ke nou se pechè, epi tou rekonèt sa Jezi te fè pou nou sou kwa-a. Kesyon nou poze : « kisa nou dwe fè pou nous ove ? Travay 16 v 30) repons lan se : « Kwe nan Jezi kòm sila –a ki te pote fado peche nou yo, ki te mouri nan plas nou an, ke yo te antere-l epi ki te leve ankò-a. Rezireksyon li a ban nou asirans pou nou reklame lavi ki pap janm fini an lè nou aksepte Jezi kòm sovè nou. Men a sila-yo ki kwè epi aksepte li yo, li ba yo pouvwa vin tounen pitit Bondye. (Jan 1 v 12)

## Lòt plan Bondye pou-l te ka sove nou.

Nenpòt moun ki fè apè a Senyè-a yo va sove. “(Romen 10 v 13) kwè e ou va sove. Ni legliz ak bèle bagay yon moun pa kapab sove-l. sonje Byen, se Bondye ki ka sove. Plan Bondye pou sove lèzòm se tout tan ou se yon pechè epi ou pa repanti epi kwè nan Jezi ke te mouri e nan Sovè ki te leve-a ou gen pou pase yon etènité nan lanfè. Si ou kwè nan li kò sila-a yo te krisifye, antere, sovè ki te leve vivan nan lanmò-a, mande padon pou tout peche-w yo epi kado ou resevwa pa lafwa ki se la vi ki pap janm fini-an. Si plan li-a pa parèt klè pou ou, li sa-a, reli-l epi reli-l ankò san-w pa repoze jiskaske ou konprann li. Nanm ou vo plis pase tout sa ki nan mond lan. Ki benefis ou tire si-ou gen tout sa ki nan mond lan epi ou pèdi nam ou. (Mak 8 v 36. fè tout sa-w konnen pou sove. Si ou pèysi nanm ou, ou ap pèdi syèl-la epi-ou ap pèdi tout bagay. Pa fè santiman-w yo konfyans paske yo chanje. Kanpe sou pwomès Bondye yo ki pap janm chanje. Aprè ke-w fin sove, gen twa bagay pou ou pwatike pou lespri ou kapab grandi. Premyèman lapriyè, ki se lè-w ap pale ak Bondye. Dezyèmmman li Labib ou, pou Bondye ka pale avè-w. epi pou fini pataje kwayans ou ak lò moun pou ka pale pou Bondye. Pa janm wont pale lòt de Senyè-a. 2 Timote 1 v 8) nenpòt moun ki rekonèt mwen an piblik sou tè-a mwen

menm tou m va de mwen konnen yo devan Papa-m nan syèl- la. (Matye 10 v 32) ou ta dwe batize nan lobeyisans ou a Senyè-a Jezi Kris, Kòm you temwanyaj piblik pou di ke-w ou sove epi ini ak yon bib nan legliz.

### Pawòl Bondye

Ou bezwen sove, Sa m-ap di nou la-a se vre wi, toutotan nou pa fet ankò nou pap ka wè nan wayom Bondye-a. (Jan 3 v 23) nou tout nèt tankou yon ti mouton nou te egare. Nou te kite chemen Bondye te trase pou nou an (Izayi 53 v 6) Men mwen menm Bondye ki wè tout bagay la, egzamine ke noua k tout sa nou fè. Mwen bay chak moun rekompans pa yo, swivan sa mwen wè yo fè. (Jeremi 17 v 10). Ou gen pou peri toutan ou pa repanti de peche –w yo epi vin jwenn Bondye. (Lik 13 v 3). Ou pakapab sove tèt ou Bondye te sove nou, pa poutèt sa nou konn fè, men se pa lagras. Li te lave tout peche nou yo, fè nou fèt ankò epi ban nou yon lot vi pa Lesentespri. (Tit 3 v 5) Gen you chemen devan chak moun ki parèt dwat, men se nan lanmò li mennen – w. (Pwovèb 14 v 12) Jezi te di li konsa, « mwen se chemen an, verite ak lavi-a. Pa gen yon moun ki ka al jwenn papa-a san li pa pase pa mwen menm. (Jan 14 v 6) Okenn moun pa ka jistifye yo devan Bondye padan y-ap obseve la lwa yo. La lwa sLa lwa sèlman montre nou ke-n peche. (Romen 3 v 20) Se Bondye ki planifye Sali-a pou nou, Jezi te pote kwa-a pou nou se pou nou te ka mouri nan nati pechè-a epi viv nan fè sa ki byen. Pa blesi li yo nou jwenn gerizon (I Pyè 2 v 24) Kris te mouri pou peche nou yo. Yo te antere Jezi epi li te leve ankò soti nan lanmò sou twazyèm jou. (1 Korent 15 v 3, 4) Bondye te sove nou pa la gras lè ou te kwè-a. Se pa anyen ou fè pou sa ; se yon kado ki soti nan Bondye. Sali-a se pa yon rekompans pou tout bon bagay nou fè yo, se pou sa okenn nan nou pa ka vante tèt nou de sa. (Efèz 2 v 8-9)

### Pawòl Bondye II

Kwè nan pawòl Bondye epi ou va sove. Jezi di yo konsa, Men sa Bondye bezwen nou fè sèlman, Kwè nan sila-a yo te voye-a. (Jan 6 v 29) sa m-ap di nou la-a se vre wi, sila-a yo ki koute mesaj mwen an epi ki kwè nan Bondye ki te voye-m nan ap gen lavi etènèl. Yo pap janm kondane yo pou peche yo. Yo deja pase de lavi a lanmò. (Jan 5 v 24) Nenpòt moun ki gen pitit la gen lavi ; e nenpòt moun kip a gen pitit Bondye-a pa gen lavi. Mwen ekri a sila-a yo ki kwè nan non pitit gason Bondye-a, pou yo ka gen lavi etènèl. (1 Jan 5 v 12-13) Konfese devan lèzòm nenpòt moun ki wont pale de pitit lòm nan, li menm tou li va wont li tou. (Lik 9 v 26) Si nou konfese ak bouch nou ke Jezi kris se Senyè epi kwè nan kè nou ke Bondye te leve li nan lanmò, nou va sove. Paske se nan kwè nan li sèlman nou kapab jistifye tèt nou devan Bondye, epi se nan konfese ak bouch nou an ke nous ove. (Romen 10 v 9-10) Sove pa lafwa pwodwi yon pakèt lòt bon bagay. Ki bèl sa fè lè-w di ou gen lafwa epi ou pa montre li nan aksyon nou ? (Jak 2 v 14) Paske Bondye ap travay nan nou, l-ap mete nan nou dezi ak pisans pou nou fè li plèzi. (Filipyen 2 v 13) wi chak nan nou gen pou bay yon kont randi devan Bondye. (Romen 14 v 12) Men si nou refize sèvi Senyè-a, alò jodi-a menm chwazi kilès n-ap sèvi, kanta mwen menm ak fanmi mwen, n-ap sèvi Senyè-a. ( Jozye 24 v 15).